

**AVI PWOPOZISYON RÈGLEMAN AK ODYANS
NAN KAD YON AKSYON AN JISTIS POU KONTESTE ARESTASYON
AK MEZI DEPOTASYON POU NON-SITWAYEN KI AP SUIV PWOSEDI
DISPANS PWOVIZWA**

Calderon, et al. v. Mayorkas, et al., Case No. 18-10225-MLW (D. Mass.)

Kontèks

Avi sa a se pou enfòmè w sou yon pwopozisyon akò règleman nan kad yon aksyon kolektif, *Calderon, et al. v. Mayorkas, et al.*, Case No 18-10225-MLW. Ou resevwa avi sa a paske yo te idantifye w antanke yon manm gwoup règleman ki pwopoze a. Avi sa a eksplike akò règleman ki pwopoze a ak dwa ou genyen pou yo tande w anvan tribinal federal la deside si yo apwouve règleman an. **Avi sa a lasèlman pou enfòmè ou, epi ou pa oblije pran okenn mezi aprè avi sa a.**

Akò yo pwopoze a rezoud yon pwosè ki te kòmanse nan mwa fevriye 2018 gras ak yon gwoup sitwayen ameriken ak mari oswa madanm ki pa sitwayen ameriken ki gen desizyon final depòtasyon epi yo rezide nan Massachusetts, Rhode Island, Connecticut, Vermont, New Hampshire, oswa Maine. Règleman an gen enpak sou fason koup ki nan klas la ka chèche yon estati legal pou konjwen ki pa sitwayen ameriken an, ak sa k ap pase si Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn Etazini (ICE) Ranfòsman ak Operasyon Depòtasyon (“ICE ERO Boston”) vle pran mezi kont mari oswa madanm ki pa sitwayen ameriken an.

Kounye a Tribinal la te apwouve, a tit preliminè, yon akò règleman nan kad pwosè sa a. Tribinal la te prevwa yon odyans nan dat **16 janvyè 2025 a 1 PM EST** pou deside si akò règleman an jis, rezonab, epi apwopriye. Odyans lan ap fèt devan Onorab Mark L. Wolf nan John Joseph Moakley United States Courthouse, 1 Courthouse Way, Boston, MA 02210 nan Sal Odyans 2. **Ou pa oblije ale nan odyans lan. Sepandan, ou ka ale nan odyans lan. Si out e opoze ak règleman an lè w swiv pwosedi ki dekri anba a, oumenm oswa avoka ou a ka gen dwa pou pran lapawòl nan odyans lan.**

Aprè odyans lan, si Tribinal la apwouve akò règleman an, avoka gwoup la ap mande pou rejte pwosè a epi akò règleman an ap antre anvigè, sa ki ap pèmèt ou kòmanse itilize dispozisyon li yo.

Definisyon Klas

Si w nan yon maryaj kote yon mari oswa madanm se yon sitwayen ameriken epi lòt mari oswa madanm lan se yon moun ki pa sitwayen ameriken, lè sa a ou gen anpil chans pou tounen yon manm klas la si ou reponn ak kritè sa yo:

- (1) Konjwen ki pa sitwayen ameriken an sijè a yon òdonans final pou depòtasyon epi li pa kite peyi Etazini anba òdonans sa a;

- (2) Konjwen sitwayen ameriken an te depoze yon Petisyon I-130 pou fanmi etranje nan Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS), epi aplikasyon an annatant oswa yo apwouve li; epi
- (3) Konjwen ki pa sitwayen ameriken an abite Massachusetts, Rhode Island, Connecticut, Vermont, New Hampshire, oswa Maine; oswa mari oswa madanm ki pa sitwayen ameriken an nan detansyon Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn Etazini (ICE) nan youn nan eta sa yo.

Pwopozisyon Akò Règleman

Deskripsyon sa a se yon rezime pwen enpòtan nan akò règleman yo pwopoze a.

- a) Mosyon pou Relouvri: Pou demann ICE resevwa nan lespas dezan apre règleman sa a antre an aplikasyon, ICE pral rejwenn, pa sipozisyon, yon manm klas la ki pa sitwayen ameriken an nan Demann pou Relouvri epi anile pwosedi pou depòtasyon si manm klas ki pa sitwayen ameriken an mete nan dokiman ki obligatwa yo ak Demann yo, tankou yon deklarasyon sou entansyon non-sitwayen ameriken an pou jwenn yon estati legal atravè konjwen sitwayen ameriken li a oswa pwosesis konsilè yo aletranje. ICE kapab sèlman refize rejwenn yon mosyon pou relouvri epi depòte yon manm klas la si ICE detèmine ke moun ki pa sitwayen an. (1) se yon menas pou sekirite piblik (anjeneral akòz konduit kriminèl grav); (2) se yon menas pou sekirite nasyonal la; oswa (3) te angaje nan fwod grav benefis imigrasyon oswa se yon residivis nan kesyon imigrasyon. Si ICE estime ke gen youn nan kondisyon sa yo ki pa ranpli, ICE pral rantrè nan yon mosyon pou relouvri epi anile pwosedi depòtasyon ke yo te bay dokiman ki nesèsè pou li yo.
- b) Mezi pou Egzekisyon: Pandan dezan apre règleman sa a fin antre an aplikasyon, ICE Operasyon Ranfòsman ak Depòtasyon nan Boston (“ICE ERO Boston”) pa kapab arete, kenbe, oswa chèche depòte yon manm klas la ki pa sitwayen ameriken, oswa mande manm klas ki pa sitwayen ameriken an pou l kite Etazini, sof si yon Direktè Adjwen Biwo Field nan ICE (oswa yon moun ki gen otorite ekivalan oswa pi wo) te deside ke moun ki pa sitwayen ameriken an reprezante yon menas pou sekirite piblik oswa sekirite nasyonal la. Ofisye ICE a dwe konsidere tou elijiblite non-sitwayen an pou chèche estati legal nan kad pwosesis egzansyon pwovizwa a. Pou fini, nan ka kote ICE ap chèche transfere yon manm klas yo te arete andeyò New England, ICE kapab fè sa sèlman si ICE ERO Boston te deja respekte pwosedi règleman an egzijè yo epi li detèmine ke depòte moun ki pa sitwayen ameriken an apwopriye.

Nan ka ta gen yon litij sou konfòmite ak règleman an, règleman an bay yon pwosesis rezolisyon konfli manm klas yo dwe itilize anvan yo ka mennen litij la nan yon tribinal federal.

Aksyon kolektif sa a pa genyen okenn reklamasyon pou domaj monetè, e pa konsekan règleman sa a pa bay okenn peman monetè dapre Règ 23(b)(2) Règ Federal Pwosedi Sivil yo.

Pou fini, pandan dezan akò sa a, manm klas yo pa kapab fè reklamasyon ke arestasyon, detansyon oswa depòtasyon yon moun ki pa sitwayen ameriken entèfere ilegalman ak dwa yo genyen pou yo pouswiv estati legal yo atravè maryaj yo ak yon konjwen sitwayen ameriken ak

pwosesis egzansyon pwovizwa a, men olye de sa yo limite a solisyon konfli epi pwosedi ranfòsman akò sa a bay konsènan nenpòt reklamasyon nan tip sa yo.

Pou Jwenn Plis Enfòmasyon

SA SE SÈLMAN YON REZIME AKÒ KI PWOPoze A. Yon kopi entegralite pwopozisyon Akò Règleman an disponib sou sitwèb sa a: www.aclum.org/calderonsettlement.

Epitou ou ka jwenn yon kopi akò a lè w voye imèl bay calderonclass@aclum.org oswa ekri konseye klas la nan:

American Civil Liberties Union of Massachusetts
Attn: Calderon Class
One Center Plaza, Suite 850
Boston, MA 02108

Si w gen nenpòt kesyon sou Akò Règleman yo pwopoze a oswa si w ta renmen diskite avèk avoka klas la, ou ka rele **(857) 347-5511** anvan 3 janvyè 2025.

Opsyon pou Manm Klas yo

Manm Klas yo gen de (2) opsyon anrapò ak Akò Règleman an.

- (1) Ou pa ka fè anyen, epi w ap rete yon manm klas la. Ou pral gen dwa ak benefis akò sa a epi ou pral respekte kondisyon ki tabli nan akò a si Tribinal la apwouve l dapre Règ 23. (b)(2); *oswa*
- (2) Ou ka fè objeksyon kont akò règleman an, si ou suiv pwosedi ki dekri anba a. Si w pa fè objeksyon apre pwosesis ki anba la a, y ap konsidere w anile objeksyon w yo.

Pwosedi pou Objeksyon ak Odyans sou Ekite

Ou ka mande Tribinal la pou l rejte Akò Règleman yo pwopoze a lè w depoze yon objeksyon. Ou pa kapab mande Tribinal la pou òdone yon lòt règleman paske tribinal la kapab sèlman apwouve oswa rejte règleman ki pwopoze a. Yo dwe voye objeksyon yo alekri nan fason sa a:

- (1) Idantifye klèman non konplè w, non mari oswa madanm ou, nimewo A ou oswa pa konjwen w la, epi ka a ak nimewo li (*Calderon, et al. v. Mayorkas, et al.*, Case No 18-10225-MLW).
- (2) Di klèman rezon pou objeksyon ou a, enkli nenpòt sipò jiridik oswa faktyèl. Ou ka mete papye oswa dokiman jistifikatif.
- (3) Voye materyèl ekri yo bay Tribinal la pa lapòs **nan dat 3 janvyè 2025 oswa anvan nan:**

Clerk of the Court, U.S. District Court for the District of Massachusetts
Attention: *Calderon, et al. v. Mayorkas, et al.*, Case No. 18-10225-MLW
1 Courthouse Way
Boston, MA 02210

Ou gendwa patisipe oswa parèt nan odyans pou ekite a le 16 janvye 2025, swa an pèsòn oswa pa entèmedyè pwòp avoka ou. Si ou parèt pa entèmedyè pwòp avoka ou, ou responsab pou peye nenpòt frè legal ke avoka sa a faktire w.

Pou parèt nan odyans ekite a, ou menm oswa avoka ou dwe depoze yon Avi sou Entansyon pou parèt **nan dat 6 janvye 2025 oswa anvan**. Avi a dwe idantifye ka a, endike non w ak adrès ou, epi eksplike poukisa ou vle parèt nan tribinal la.

Tribinal lan kapab chanje nenpòt nan delè sa yo pou yon bon rezon si yo depoze yon demann pou fè sa alekri avan **14 janvye 2025**.